

CHECKCARE®

Converting Transactions Into Profits. Guaranteed

950 S Winter Park Drive, Ste 100 • Post Office Box 182237 • Casselberry, FL 32718-2237 • (407) 339-2439 • FAX: (407) 339-4572

Distri Lekòl Rejyon Palm Beach te fè kontra avèk *CheckCare* kòm yon twazyèm pati sèvis koleksyon pou chèk ki san pwovizyon. Lè yon chèk siyen epi yo bay li nan lekòl la, moun ki fè chèk la aksepte tèm ak kondisyon distri a genyen avèk *CheckCare*.

Tout chèk yo bay lekòl la dwe genyen ladan (swa enprime oswa alamen) enfòmasyon ki anba yo:

1. Non moun ki ekri chèk la.
2. Adrès moun ki ekri chèk la.
3. Nimewo telefòn moun ki ekri chèk la (swa telefòn kay la owsa pòtab li) avèk kòd telefòn nan.

Si bank la voye chèk la tounen san peye I, moun ki ekri chèk la bay *CheckCare* otorizasyon pou I:

1. Re-depoze chèk la si I posib. *CheckCare* otorize pou konvèti chèk orijinal la an yon tranzaksyon elektwonik oswa demand yon nòt bankè pre-otorize ki ekri sou non *CheckCare* epi re-depoze I nan bank la pou I peye li.
2. Koleksyon chaj pou sèvis ak frè bankè jan li dekri dapre Iwa Florid. Anplis montan ki nan chèk la, *CheckCare* ap ajoute tou chaj pou sèvis ak frè sou chak chèk ki retounen san pwovizyon enkli yon frè bankè ak chaj pou koleksyon dapre Iwa Eta Florid. Moun ki ekri chèk la ap resevwa yon lis detaye pou chaj ak frè sa yo. Lè yon peman fèt avèk chèk, moun ki ekri chèk la otorize *CheckCare* pou retire chaj pou sèvis la, frè pou chèk bank voye tounen an, ak chaj pou koleksyon yo ki soti pa mwayen tranzaksyon elektwonik nan kont yo oswa yon demand pou yon nòt tranzaksyon bankè pre-otorize.
3. Kontakte moun ki ekri chèk la pou repeye chèk san pwovizyon an. Yo kapab itilize nenpòt nimewo telefòn ki parèt sou chèk yo te depoze ki retounen an, enkli nimewo yon telefòn pòtab.

Si bank moun ki ekri chèk la avèti I gen yon chèk ki te ekri pou lekòl la yo te retounen I, tanpri kontakte *CheckCare* imedyatman. Si w kontakte *CheckCare* pivot posib, y ap kapab travay avèk moun ki fè chèk la pou asire pa gen chaj adisyonèl ki ajoute kòm penalite pou chèk ki pa t gen pwovizyon an. Nimewo telefòn pou rele *CheckCare* gratis se:

1-888-339-2439

CheckCare resevwa tout chèk ki retounen paske yo pa gen pwovizyon. Lekòl yo pa otorize pou redepoze chèk ki te retounen paske yo pa t gen pwovizyon. Sa pèmèt estaf lekòl la konsantre sou lòt bagay ki pi pwodiktif ak benefisyè pou elèv yo. Sa pèmèt tou pou moun ki te ekri chèk la gen opòtinite pou peye pou nenpòt atik ki te tounen san anbara ki ta kapab asosye ak peye nan lekòl la.